

# Mande Defansè Piblik La Èd

Si ou te eseye chwa sèvis piblik USCIS men ou toujou bezwen èd pou rezoud yon pwoblèm ak yon aplikasyon oswa petisyon, ou kapab mande Defansè Piblik la èd men pa ki etap pou'w pase:

## ETAP 1

Voye yon demann sou entènèt oswa ranpli Fòm DHS-7001 ( Fòm pou jwenn Èd nan ka), ki nan [www.dhs.gov/cisombudsman](http://www.dhs.gov/cisombudsman), pou pèmèt Defansè Piblik la pataje enfòmasyon konfidansyèl ou yo ak USCIS.

## ETAP 2

Mete tout nimewo resi USCIS yo nan fòm ki gen rapò ak aplikasyon oswa petisyon'w la sou Fòm DHS-7001 oswa sou entènèt, epi fè kopi enfòmasyon ak dokiman enpòtan yo, tankou:

- Dokiman ou te voye bay USCIS;
- Dokiman ou te resevwa nan men USCIS; ak
- Lòt enfòmasyon oswa dokiman ou santi ki enpòtan pou aplikasyon'w oswa petisyon'w lan.

*Tanpri pa voye dokiman orijinal yo.*

## ETAP 3

Voye demann ou-a sou entènèt ou oswa voye Fòm DHS-7001 ki siyen ak tout lòt enfòmasyon bay Defansè Piblik la nan yonn nan fason sa yo:

IMÈL: [cisombudsman@hq.dhs.gov](mailto:cisombudsman@hq.dhs.gov) (Rekòmande)  
FAKS: 202-357-0042  
LAPÒS: Department of Homeland Security  
Citizenship and Immigration Services  
Ombudsman  
Attention: Case Assistance  
Mail Stop 0180  
Washington, D.C. 20528

*\*Akòz mezi sekirite ak sistèm lapòs gouvènman-an, ka ki poste yo (menm sa ki ale pa vwa ekspres) kapab gen jiska 14 jou reta.*

Tout enfòmasyon ki al jwenn Defansè Piblik la yo ranmase yo epi yo pwoteje yo dapre dispozisyon ki nan Lwa sou Vi Prive an.

## Kontakte

Defansè Piblik Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon

Department of Homeland Security  
Mail Stop 0180  
Washington, D.C. 20528

202-357-8100  
202-357-0042 (faks)  
1-855-882-8100

[cisombudsman@hq.dhs.gov](mailto:cisombudsman@hq.dhs.gov)

[www.dhs.gov/cisombudsman](http://www.dhs.gov/cisombudsman)



Homeland Security



## Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Defansè Piblik

Kijan Defansè Piblik Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon-an Travay pou Ou



Homeland Security

# La pou Ede

Defansè Piblik la la pou ede moun ak patwon yo ki bezwen rezoud yon pwoblèm ak Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon peyi Etazini (USCIS). Defansè Piblik la fè rekòmandasyon pou ranje pwoblèm ki nan sistèm nan epi amelyore kalite sèvis USCIS ofri.

**Defansè Piblik la sèvi piblik la.**  
**Pa gen okenn frè pou peye pou èd Defansè Piblik la bay.**



**Defansè Piblik-la sèvi piblik la.**  
**Pa gen okenn frè pou peye pou asistans resous konfidansyèl ak san patipri Defansè Piblik-la.**

## Defansè Piblik la kapab ede si:

- Ou ap fè fas a yon ijans oswa difikilte a koz de yon fot, erè, oswa reta nan USCIS.
- Ou gen yon pwoblèm ak aplikasyon'w oswa petisyon'w la ke ou pat kapab rezoud ak USCIS.
- Aplikasyon oswa petisyon'w la annatant pi lontan ke tan USCIS nòmalman pran pou pwosesis la (ou ka jwenn tan ke li pran nòmalman pou pwosesis la sou entènèt nan [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov)).
- Ou kwè ke USCIS te fè yon erè nan tretman aplikasyon oswa petisyon 'w.

## Defansè Piblik la pa kapab ede si:

- Ou ap chèche konsèy sou Zafè lalwa. Defansè Piblik la pa bay konsèy sou Zafè lalwa.
- Ou ap chèche èd ak yon pwoblèm ki pa gen rapò ak USCIS. Otorite Defansè Piblik-la limite sèlman nan ede ak pwoblèm ki gen rapò ak aplikasyon, petisyon, oswa sèvis USCIS yo.
- Ou pa dakò ak yon desizyon ke USCIS te pran men ou pa kapab jwenn yon fot oswa erè nan pwosesis la. Pandan ke Defansè Piblik-la ap travay pou korije fot ak erè yo ak USCIS, Defansè Piblik-la pa kapab retounen sou oswa chanje desizyon USCIS yo.

## Èd ak Ka

**Jwenn Èd ou Bezwen Ak yon Aplikasyon oswa Petisyon USCIS ki Annatant**

Si ou gen yon pwoblèm [consistency]ak aplikasyon oswa petisyon USCIS ou-a, Defansè Piblik la kapab ede. Defansè Piblik la montre USCIS yon lòt jan san patipri epi endepandan pou eseye rezoud pwoblèm yo. Anvan ou mande Defansè Piblik la èd, premyèman eseye rezoud pwoblèm ou-an ak chwa sèvis piblik USCIS la ki disponib pou-ou:

- Tcheke sitiasyon a sou entènèt nan [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov).
- Rele Sant Nasyonan pou Sèvis Kliyantèl USCIS la nan 1-800-375-5283.
- Pran yon randevou INFOPASS ak USCIS nan <http://infopass.uscis.gov>.

## Demann Ou-a: Pwosesis Nou-an

**Yon fwa ke Biwo Defansè Piblik la resevwa yon demann pou èd, nou pwal:**

- Tcheke enfòmasyon yo pou asire nou ke nou kapab ede nan sitiasyon'w la;
- Fè rechèch sou ki kote pwoblèm lan ye; epi
- Si nou kapab ede, kontakte USCIS pou ou ak fè rekòmandasyon endepandan sou ki jan pou rezoud pwoblèm nan.

## Asire'w Ke Yo Tande Sa'w Di:

**Devwa Defansè Piblik la Pou Rekòmande Jan Pou Amelyore Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon an**

Anplis de ede moun rezoud pwoblèm aplikasyon ak petisyon yo, Defansè Piblik la rekòmande tou jan pou ranje pwoblèm nan sistèm nan ke moun ak patwon yo jwenn lè y'ap chèche sèvis nan men USCIS. Nou vin okouran de pwoblèm nan sistèm sa yo nan:

- Plent moun pote yo ak demann pou èd yo;
- Enfòmasyon ak kesyon nou resevwa nan men òganizasyon ki pa nan gouvènman-an ak ofisyèl gouvènman-an, gen ladan USCIS; ak
- Kontak pèsònèl ak reinyon ansanm ak aplikan, moun ki prezante petisyon yo, patwon yo, òganizasyon ki pa nan gouvènman yo, gen ladan kominote ansanm ak òganizasyon relijye yo, ak pwofesyonèl imigrasyon yo nan tout peyi-a.

Defansè Piblik la pran angajman pou li pouse yo fè chanjman pozitif pou tout moun ak biznis, k'ap chèche sèvis nan men USCIS, fè eksperyans bon jan kalite sèvis kliyantèl ak desizyon yo ki pa tout tan ap chanje.

Kontribisyon'w dirije jan de travay Defansè Piblik la ap fè. Tanpri pataje eksperyans ou ak sijasyon'w yo ak nou nan [cisombudsman@hq.dhs.gov](mailto:cisombudsman@hq.dhs.gov).